

# Sèvisit

Sèvisit se yon enflamasyon (iritasyon) nan pawa kòl matris la. Kòl matris la se pwent matris la ki pwolonje nan vajen an.

Sèvisit kapab yon siy enfeksyon. Enfeksyon moun pran nan fè bagay yo (sexually transmitted infections, STIs), tankou klamidya ak gonore, kapab koze sèvisit.

## Sentòm yo

Pifò moun ki gen sèvisit pa gen sentòm. Si sentòm vin devlope, yo ka gen ladan yo:

- Ekoulman nan vajen ki pa nòmal
- Tach (san) ant règ oswa apre sèks nan vajen
- Doulè pandan oswa apre sèks nan vajen



# Sèvisit

## Prevansyon

- Kapòt ka anpeche pwopagasyon STI yo ke yo konnen koze sèvisit, tankou klamidya ak gonore.
- Gen plizyè patnè ogmante risk ou pou pran ak pwopaje STI sa yo.

## Tès

Si pwofesyonèl swen sante ou wè san oswa pi sou pwent kòl matris la pandan yon egzamen basen (entèn), yo pral itilize yon prelevman pou kolekte yon echantyon likid ki soti nan kòl matris la pou fè tès yo.

## Tretman

Pwofesyonèl swen sante ou ka ba ou antibiyotik pou trete nenpòt STI ki koze sèvisit.

## Poukisa Pou w Jwenn Tretman

Si li pa trete, sèvisit ki te koze pa yon STI kapab:

- Lakòz gwo doulè oswa lakòz enfètilite (enkapasite pou fè timoun)
- Ogmante risk pou fè yon gwo sèvisit tibal (ektopik)
- Fè li plis fasil pou pran oswa transmèt VIH

## Patnè Seksyèl yo

Si sèvisit ou te koze pa yon STI, patnè seksyèl ou yo dwe trete tou pou yo pa devlope pwoblèm sante grav, re-enfekte w oswa pase enfeksyon an bay lòt moun.

Si ou teste pozitif pou yon STI, ou ta dwe di tout patnè seksyèl ou te genyen pandan dènye de (2) mwa yo sou enfeksyon ou a pou yo kapab egzamine epi trete.

## Sèvisit ak Gwosè

Tout moun ki ansent ta dwe teste pou STI yo, ki gen ladan VIH, osito posib nan gwosè la. STI yo nan gwosè ka lakòz enfeksyon nan je ak poumon yon ti bebe ki fenk fèt.

Klinik Sante Seksyèl Vil New York yo bay sèvis konfidansyèl, ki pa koute chè oswa gratis ki gen ladan tès STI ak VIH.

Pou jwenn yon klinik,  
vizite  
[nyc.gov/health/clinics](http://nyc.gov/health/clinics).